



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA ALYSSA A

Lejislasyon (S.7132B/A.10018) egzije lekòl yo konsidere sistèm alam anti-panik silanssye kòm yon pati nan plan sekirite yo

Dekri plan pou kanpay edikasyon piblik solid sou Lwa sou Sinyal Alam ki fèk elaji pou retire zam nan men moun ki danjere yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a Lwa Alyssa (S.7132B/A.10018), ki egzije lekòl yo pou yo konsidere itilizasyon sistèm alam anti-panik silanssye lè y ap fè revizyon ak devlopman plan sekirite lekòl pa yo. Gouvènè a te siyen pwojè lwa a ansanm ak paran Alyssa yo, Lori ak Ilan Alhadeff, lòt manm yo nan fanmi Alyssa, Senatè Eta Elijah Reichlin-Melnick, Manm Asanble Ken Zebrowski, Manm Asanble Mike Benedetto, Sipèentandan Distri Lekòl Hampton Bays la Lars Clemensen, ak Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers) an Michael Mulgrew.

"Mwen fyè de travay nou te fè pou nou adopte yon pake pwojè lwa k ap mennen nan peyi a pou mete restriksyon sou flewo vyolans ak zam, men sa a se yon batay k ap kontinye epi nou pa ka kanpe la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pral kontinye pran mezi agresif jiskaske chak timoun nan New York an sekirite pou yo pouswiv yon edikasyon san yo pa pè trajedi san sans. Se poutèt sa mwen fyè pou m mete plim sou papyè nan kad Lwa Alyssa a, yon pati lejislasyon reyèl e ki gen sans ki pral mande distri eskolè yo evalue sistèm ki ka sove anpil minit ak lavi presye - nan ka ta gen yon sitiyasyon tirè aktif."

"Asire ke elèv nou yo rive lakay yo san danje lè yo lekòl nan fen chak jounen se youn nan pi gwo responsablite nou kòm yon kominote", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Lè li siyen Lwa Alyssa a, Gouvènè Hochul ap bay distri lekòl yo yon mezi adisyonèl pou kenbe timoun yo an sekirite epi dekouraje fiziyad an mas nan lekòl nou yo. Mete mezi sekirite sa a an plas pral ede soulaje laperèz paran yo lè yo voye timoun yo lekòl chak jou."

An fevriye 2019, Alyssa Alhadeff te mouri nan yon fiziyad an mas nan Marjorie Stoneman Douglass High School nan Parkland, Florida. Manman l ak papa l, Lori ak Ilan Alhadeff, te etabli yon fondasyon nan memwa li, epi yo te defann adopsyon sistèm alam anti-panik silanssye nan bilding lekòl yo. Aplikasyon yon alèt dirèkteman bay tout

fòs lòd nan zòn lan nan yon lekòl ka sove anpil minit presye nan yon sitistasyon tirè aktif epi pèmèt lapolis reponn imedyatman.

Pwojè Lwa sa a mande pou lekòl yo konsidere itilite yo lè y ap devlope plan sekirite lekòl yo nan nivo distri yo, epi otorize ekspresman enklizyon yo nan plan sekirite nivo bilding yo. Sistèm alam anti-panik yo ka koute sèlman kèk milye dola pou achte, epi yo ka aplike nan salklas la kòm yon aplikasyon smartphone.

Aprè trajedi nan Uvalde, Texas, ak anpil lòt anvan li yo, pwojè Lwa sa a se yon etap enpòtan pou rann lekòl New York yo vin pi an sekirite. Mezi sa a pral ede asire ke, nan evènman terib vyolans nan yon lekòl, lapolis ka reponn pi vit jan sa posib, epi pa gen okenn reta nan tout pèsònèl fòs lòd ki disponib k ap reponn yo. Minit yo ekonomize nan tan repons yo ka sove anpil lavi.

Senatè Eta a, Elijah Reichlin-Melnick, te deklare "Vyolans ak zam gache lavi twòp fanmi, men Lwa Alyssa a se yon etap enpòtan pou kenbe timoun nou yo an sekirite nan lekòl yo. Mwen sezi anpil pou fòs ak rezistans Lori, manman Alyssa a, ak tout fanmi li, ki te fè li misyon pa yo pou amelyore sekirite lekòl apre pèt Alyssa yo renmen anpil la an 2018. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen lwa enpòtan sa a. Pwogrè kont vyolans ak zam posib, epi New York ap trase wout la."

Manm Asanble Kenneth Zebrowski Jr. te deklare, "Pandan n ap kontinye wè trajedi k ap dewoule nan lekòl yo atravè peyi a, alam anti-panik yo se yon etap enpòtan pou asire notifikasyon rapid premye sekouris yo ak sèvis ijans yo, epi yo se yon bagay ke tout lekòl yo ta dwe genyen. Defans san pran souf manman Alyssa a, Lori, kouzen li Jadya, ak fanmi yo te enpòtan anpil pou yo te adopte pwojè Lwa sa a epi siyen li an lwa jodi a. Lwa sa a pral kontinye onore memwa Alyssa. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi epi li te siyen pwojè Lwa sa a ki pral rann lekòl nou yo vin pi an sekirite pou elèv yo atravè New York."

Manman Alyssa, Lori Alhadeff, te deklare, "Pasaj Lwa Alyssa New York la reprezante yon vrè envestisman nan lavi elèv ak pwofesè yo atravè eta a. Tan egal lavi ak onore pitit fi nou an Alyssa nan fason sa a pral ede Fè Lekòl Nou yo an Sekirite."

Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), te deklare "Nan yon moman kote twòp politisyen ap sèlman pale pou yo abòde vyolans ak zam, Gouvènè Hochul ap pran mezi. Soti nan ranfòse lwa New York sou zam yo rive nan travay jodi a sou sekirite lekòl yo ak bay fòmasyon sou Sinyal Alam ki enpòtan pou edikatè yo, Gouvènè Hochul kanpe ak edikatè yo ak paran yo pou pwoteje pitit nou yo."

Sipèentandan Distri Lekòl Hampton Bays la, Lars Clemensen, te deklare, "Sekirite lekòl la kontinye rete priyorite prensipal lidè lekòl yo. Zouti tankou Lwa Alyssa a, ERPO, mezi sekirite kont zam, patenarya ak fòs lòd yo ak resous pou sante mantal yo tout fè pati yon Plan pou Sekirite Lekòl (Blueprint for School Safety) ki pèmèt distri yo planifye,

adapte ak konstwi kominote lekòl ki an sekirite. Mèsi Gouvènè Hochul ak lejislati a pou konsantrasyon pasyone yo sou pwoblèm enpòtan sa a."

Pezidan Pwofesè Reyini Eta New York la (New York State United Teachers), Andy Pallota te deklare, "Yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite, ki pwoteje, ak akeyan esansyèl pou elèv nou yo, anplwaye ki travay avèk yo ak fanmi yo ki konte sou sistèm lekòl piblik nou an. Se bon sans pou asire ekip sekirite lekòl yo ap revize tout zouti ki genyen yo ki kapab ede akselere repons pou ijans nan ka ta gen yon kriz. Gouvènè Hochul ak Lejislati a te montre yon vrè lidèchip an repons ak Buffalo, Uvalde ak kominote lekòl twomatiz kolektif yo te fè fas ak li atravè eta sa a epi nou bat bravo pou aksyon yo isit la."

Charles Detric, ki se Direktè Egzekitif Konsèy Sipè-entandan Lekòl Eta New York (New York State Council of School Superintendents), te deklare, "Trajedi ki sot pase yo nan Buffalo ak Uvalde te mete aksan sou yon enkyetid ki toujou prezan pou sipè-entandan lekòl yo: èske nou ka asire pou kominote nou yo — ak tèt nou — ke nou ap fè tout sa ki posib chak jou pou kenbe elèv nou yo ak anplwaye nou yo an sekirite? Nou bezwen patnè nan gouvènman eta ak nan fòs lòd yo epi nou espere travay ansanm pou enfòmè lidè distri eskolè yo sou fason nouvo lwa eta yo ka ede nou atenn objektif sa a."

Dana Platin, ki se Prezidan, Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent Teacher Association, PTA) Eta New York, te deklare, "Pandan moman boulvèsan sa yo, pwojektè New York ki konsantre sou kenbe timoun nou yo ak edikatè nou yo an sekirite nan lekòl yo se akeyan ak jis. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak moun ki ap sipòte lejislasyon enpòtan sa a paske yo kanpe bò kote timoun nou yo ak jèn nou yo - epi konnen yo genyen yon patnè nan NYS PTA."

Robert Schneider, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon Konsèy Lekòl Eta New York la, te deklare, "Nou rekonèt ke sistèm alam anti-panik ka jwe yon wòl enpòtan nan pwotokòl sekirite yon distri lekòl. Nou apresye efò Gouvènè a ak Lejislati a fè pou asire ke distri yo gen pouvwa pou konsidere valè potansyèl sistèm sa yo epi deside si enstalasyon alam anti-panik yo ta dwe yon prekosyon sekirite apwopriye pou lekòl yo."

Kevin Casey, Direktris Egzekitif Asosyasyon Administratè Lekòl Eta New York (School Administrators Association of New York State), te deklare, "Adopsyon Lwa Alyssa a demontre kijan New York te pran devan nan repons ak apèl direktè lekòl yo te fè nan tout peyi a pou yo 'fè yon bagay - fè nenpòt bagay' pou pwoteje elèv yo ak edikatè yo. Lè Gouvènè a siyen pwajè lwa sa a, edikatè yo ak ofisye fòs lòd yo pral genyen yon lòt zouti ankò pou adrese yon tirè aktif oswa sitiyo vyolan nan lekòl nou yo. Asosyasyon Administratè Lekòl nan Eta New York apresye lidèchip Gouvènè Hochul te demontre e li kontinye sipòte aksyon ki pi solid toujou pou pwoteje lekòl New York yo. Tout elèv yo bezwen santi yo an sekirite nan lekòl nou yo epi edikatè yo dwe genyen zouti ki nesèsè pou pwoteje timoun nou yo."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Lekòl Riral la, David Little, Esq. te deklare,

"Asosyasyon Lekòl Riral (Rural Schools Association) la kontan pou sipòte plis efò pou ranfòse sekirite elèv yo ak anplwaye yo. Trajikman, fenomèn fiziyad nan lekòl la pa te ralanti pa pratik aktyèl yo. Notifikasyon pi rapid bay lapolis ak pèsònèl ijans yo ka sèlman sove lavi epi nou ankouraje aplikasyon rapid mezi adisyonèl sa a. Nou kontan tou pou nou travay avèk lidè eta yo pou ogmante konsyantizasyon sou nouvo pratik ak politik ki gen entansyon bay plis pwoteksyon pou moun ki nan yon anviwònman lekòl. RSA bat bravo pou Gouvènè a paske li te abòde kriz sa a."

Pandan evènman siyati pwojè lwa jedi a, Gouvènè Hochul te dekre tou plan pou lanse yon kanpay edikasyon piblik solid ak plizyè aspè ki antoure Lwa sou Sinyal Alam Eta New York la ki fèk elaji - ak yon konsantrasyon espesifik sou edikatè ak pwofesyonèl sante mantal yo. Ete sa a, eta a pral fè patenarya pou bay yon seri fòmasyon an pèsòn ak vityèl pou konsèy lekòl yo, sipèntandan yo, pwofesè yo, pwofesyonèl ki gen rapò ak lekòl yo, direktè yo ak asosyasyon paran-pwofesè yo. Fòmasyon sa yo pral endike klèman ki jan ak ki lè pou w ranpli dokiman ki nesèsè pou ranpli yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) epi tou pou adrese kesyon yo.

Anplis de sa, lidè eta yo pral rasanble yon seri tablewonn espesyalman pou fòs lòd lokal ak konte yo, kote yo pral detaye nouvo règleman ak pwosedi ki obligatwa dapre lalwa ak pi bon pratik pou aplikasyon an. Tablo wonn sa yo pral dirije pa Lapolis Eta a ak Konsèy Fòmasyon Polis Minisipal (Municipal Police Training Council) la, ki nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la. Fòmasyon yo pral devlope tou pou pwofesyonèl sant apèl ijans yo.

Eta a ap kreye tou yon seri materyèl edikatif dijital ak fizik konplè ki dwe inogire nan semèn ak mwa k ap vini yo. Yo enkli yon sitwèb Lwa sou Sinyal Alam ki revize ak enfòmasyon kle pou edikatè ak pwofesyonèl sante mantal yo, anons sèvis piblik ak kontni medya sosyal.

Nan dat 18 me 2022, Gouvènè Hochul te siyen yon Dekrè Egzekitif ki egzije Lapolis Eta a ranpli yon ERPO chak fwa yo gen yon rezon pwobab pou kwè ke yon moun se yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun.

Nan dat 6 jen 2022, Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislatif enpòtan pou ranfòse lwa sou zam yo, ki gen ladann yon ekspansyon sibstansyèl nan Fay Lwa sou Sinyal Alam lan. Lejislasyon S.9113-A/A.10502 elaji ki moun ki ka depoze yon demann Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (ERPO) pou enkli pratikan swen sante yo ki te egzamine yon moun nan sis dènye mwa yo. Li amande lwa lisans zam afe a pou asire ke rapò pratikan sante mantal yo sou moun ki kapab danjere yo konsidere ak anpil atansyon lè y ap detèmine si yo dwe bay yon pèmi pou zamafe.

Li egzije tou pou lapolis ak avoka distri yo depoze pètisyon ERPO lè yo jwenn enfòmasyon kredib ke yon moun gen anpil chans pou li angaje nan konduit ki ka lakòz gwo mal—swa pou tèt li oswa pou lòt moun. Li egzije Lapolis Eta a ak Konsèy

Fòmasyon Polis Minisipal la pou kreye ak difize règleman ak pwosedi pou idantifye ki lè yon petisyon ERPO ka jistifye.

Lwa sou Sinyal Alam elaji a ap antre an vigè mèkredi 6 jiyè.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418